



**Orange Township Public Schools**  
Orange Preparatory Academy  
of Inquiry & Innovation  
**Carrie Halstead, Principal**



Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Superintendent of Schools

Michael Dixon, Direktè Asistan  
Samantha Fossella, Direktris Asistan

9 Out 2022

Chè Paran/Gadyen:

Byenveni nan nouvo ane lekòl la ak nouvo lekòl ou a, Orange Preparatory Academy of Inquiry and Innovation. Youn nan aspè misyon nou se vin yon kanal pou edikasyon pou prepare elèv yo pou lekòl segondè, kolèj, karyè ak pi lwen. Pou asire ke tout elèv yo ap aprann epi pwospere nan yon anviwònman pozitif, ki an sekirite, distri nou an te aplike yon Règleman Inifòm pou Ane Lekòl 2022-2023 a. Sa te fèt nan konsiltasyon avèk kominote lekòl nou an paske li trè enpòtan pou gen elèv yo, fanmi yo, ak anplwaye yo patisipe nan diskisyon ki pèmèt yon bonjan kominikasyon ak pou pran bonjan desizyon. Tab wonn nou yo nou te fè nan prentan ki sot pase a te ban nou opòtinite sa a. Distri nou an kwè ke lè elèv yo mete inifòm, sa ogmante sans kominote a ak plis fyète nan lekòl nou an.

Li enpòtan pou nouvo elèv nou yo adopte nouvo lekòl nou an epi pa gen lòt fason pou sa atravè inisyativ ki ankouraje fyète ak lespri lekòl la. Elèv Orange Preparatory School of Inquiry and Innovation yo pral kanpe byen wo nan kominote nou an pandan ke y'ap mache nan vil la avèk inifòm yo. Konsa, Règleman pou Inifòm sa a pral kontribye nan sante ak sekirite elèv nou yo ak nan devlopman yon anviwònman aprantisaj pwodikatif. Tanpri sonje, ekip lidèchip la ansanm ak pati konsène elèv yo ki patisipe aktivman avèk fyète nan planifye lekòl la ak espri inisyativ ki pral pèmèt elèv yo abiye yo nan yon seri okazyon nan bi pou yo bati kilti fyète ak tèt ansanm.

Men kijan kondisyon pou mete inifòm nan tout lekòl la ye:

- Chemiz Polo Gri oswa Mawon oswa Chemiz Abiman Oxford Blan. Tout chemiz dwe gen yon kolye.
- Pantalon Nwa ak/oswa Jip sou jenou, Abiman ki pa Sere, Pantalon ki fèt avèk materyèl Kaki (pa gen okenn abako oswa kolan).
- Vès Chanday Gri oswa Mawon, Polyestè, Blezè, oswa yo ka mete Vès.
- Chemiz manch Long Gri oswa Mawon san Kapichon (Sweatshirts) ak Pantalon oswa Bout Pantalon pou Edikasyon Fizik (elèv yo pral pote sa yo lekòl la epi chanje pou yo fè jimnastik – yo pa gen dwa mete inifòm jimnastik yo pou vin lekòl la).
- Yo p'ap gen dwa mete Kapichon (Hoodies) pandan jounen an nan Orange Preparatory Academy of Inquiry and Innovation..

Nou te chwazi The Uniform Shop @ Kids Place pou vin youn nan machann lekòl nou an pou bonjan kalite inifòm! Yo pral mete chemiz, vès ak blezè nou yo tou avèk nouvo logo lekòl nou an. Founisè sa a kapab pote yon varyete atik nou yo nan magazen yo. Tout elèv k'ap achte nouvo atik inifòm pou ane lekòl 2022-2023 a, kapab fè sa kounyè a atravè Uniform Shop @ Kids Place ki sitiye nan 311 Ferry Street, Newark, NJ 07105 ak nan 126 Broad Street, Elizabeth, NJ 07201.

Fanmi yo ka achte tou koulè inifòm jan yo pataje pi wo a nan lòt kote tankou Target, Walmart, Old Navy, Lands End, elatriye. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte'm dirèkteman nan [halsteca@orange.k12.nj.us](mailto:halsteca@orange.k12.nj.us).

Anfen, mwen ta renmen pwofite opòtinite sa a pou'm swete ou menm ak fanmi w yon bon ete an sekirite ak yon bon repo.

Sensèman,

*Carrie J. Halstead*

Carrie J. Halstead

Direktris Lekòl la